

NEWS ALERT



Miami-Dade County Public Schools

Office of Public Relations - 1450 N.E. 2nd Avenue, Miami, FL 33132 - 305-995-1126 - dadeschools.net

POU DIFIZE IMEDYATMAN
Mèkredi 14 janvyè 2015

KONTAK: Carline Faustin
305-995-1188

M-DCPS AP PREZANTE EVÈNMAN LANSMAN PWOJÈ BON AN

Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho, manm Komisyon Konsèy Lekòl ak lidè kominotè pral patisipe nan yon seri evènman espesyal ki ap fèt atravè Miami-Dade County pou lanse pwojè bon an nan lekòl yo ki se rezilta apwobasyon eksepsyonèl votè yo pou Bon Obligasyon Jeneral \$1.2 milya a. Yo ap sèvi avèk bon an pou modènize e konstwi bilding lekòl atravè distri a, ogmante kapasite elèv, mete plis sekirite nan etablisman yo, e ofri modènizasyon teknoloji nan tout lekòl.

Modènizasyon ak nouvo bilding pou lekòl yo nan pwosesis planifikasyon kounye a, an preparasyon pou konstriksyon. Yo enstale nouvo enfrastrikti sanfil debaz, nan prepare chemen pou lekòl yo antre nan epòk dijital la.

Nan pran tout avantaj teknoloji ki genyen jodi a ak anviwònman aprantisaj dijital yo, e ranplase oubyen mete ajou ansyen bilding lekòl yo, distri lekòl la bay tout elèv posiblite pou yo gen aksè sou pwogram akademik dènye kri ak mezi pwoteksyon e sekirite modèn.

Evènman yo pwograme yo gen ladan:

Vandredi 23 janvyè 2015

9è dimaten

Shenandoah Middle School

1950 S.W. 19 Street

Miami, Florida 33183

(Estimasyon Depans: Apeprè: \$7.2 milyon)

Vandredi 30 janvyè 2015

9è dimaten

American Senior High School

18350 N.W. 67 Avenue

Miami, Florida 33015

(Estimasyon Depans: Apeprè: \$7.4 milyon)

Jedi 5 fevriye 2015

9è dimaten

Cutler Bay Academy

601 S.W. 212 Street

Cutler Bay, Florida 33189

(Estimasyon Depans: Apeprè: \$12.6 milyon)

Vandredi 13 fevriye 2015

9è dimaten

Miami Sunset Senior High School

13125 S.W. 72 Street

Miami, Florida 33183

(Estimasyon Depans: Apeprè: \$5.8 milyon)

###

14-DGD/167/TTR/CM